Hoofdredacteur:

B. SOEMARNA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

1 taoen . . . f 6,—
1/2 „ . . . . f 3,—
3 woelan . . f 1,50
njoewoen kabajar roemijin.

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**

IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA.
Telefoon no. 885.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

ISINIPOEN: Sociale lan politieke actie — Heerendienst — Nandangi toekang apoes — Dokter apoes — Serat kabar énggal — Wawasan boekoe — Poespita mantja warna — Oatjèn sekar gambir melati — Sowanipoen Pangrèh K. W. lan P.P.K.D. wonten ngarsa Dalem Mgr. A. P. F. van Velsen — K. W. Soerakarta — Oerap-sari — Correspondentie.

SOCIALE LAN POLITIEKE ACTIE.

Sw. Tm. No. 14 tg. 4 April 1930 ngewrat pitakénan, sinten ingkang taksih badé miterang prakawis gegajoetanipoen sociale actie toewin politieke actie, sebab manoet verslaggever parepatan P.K.W. sadèrèk dèrèng angsal djawaban ingkang maremaken; jektos botenipoen prakawis poenika, soemangga; ananging koela jakin, bilih boten njata, awit doemoegi sapriki koela saweg tampi serat *satoenggal til.* Serat waoe ngemot pitakénan perloe sanget, mila énggal koela wangsoeli.

Pitakénan koela patjak roemijin, ladjeng wangsoelanipoen.

Sadèrèk ingkang pitakèn tjarijos: kita kedah srempeng anggèn kita njamboet damel inggih ing babagan sociaal, inggih ing babagan politiek. Ladjeng nglairaken poenapa ingkang kirang damang, i. p.

1. Kanggénipoen tijang Katholiek limrah (leeken) ing oemoemipoen (in het algemeen) ingkang langkoeng perloe poenika poendi, pakarjan sociaal poenapa actie politiek?
Poenapa kalih-kalihipoen sami perloenipoen (pentingipoen)?
2. Manawi kapara njata: sami perloenipoen: poenapa poenika inggih kanggé angger tanah, saben wedal? (in alle tijden en omstandigheden).
3. Ngèngeti kawontenan ing tanah ngriki sapoenika poenika, kanggénipoen Missie saha amrih indaking golongan Katholiek priboemi ing béndjingipoen, perloe poendi P.K.W. poenapa P.P.K.D.?
4. „Jèn wong loewih seneng karo K.W. ija karebèn menjang K.W.". Poenapa makaten poenika kénging (kaalembana)? *M. C.*

***

Sadèrèngipoen koela mangsoeli pitakénan, langkoeng roemijin, koela ngèngetaken, bilih ing riki wonten prakawis kalih boten sami ingkang katjampoer, kadadosaken satoenggal, i. p. P.K.W. toewin K.W. dipoenwastani kados-kados namoeng noedjoe dateng pakarjan sociaal (sociaal werk). Panganggep makaten poenika boten leres. P.K.W. satjabangipoen K.W.-K.W. poenika kanggénipoen tijang Katholiek Djawi pakempalan Katholieke Actie.

Manoet pangandika dalem Kg. S. Rama Pius XI tijang Katholiek sadaja kedah toemoet nandangi Katholieke Actie. „Katholieke Actie ikoe, makaten nawala dalem" Ubi Arcano Dei", kaéwokaké (behoort tot) oerip satjara Katholiek; Katholieke Actie ikoe,—ing nawala dalem doemateng kardinaal secretaris tg. 24 Januari 1927—,kawadjibané oerip katholiek. Tg. 2 October 1923 Kg. S. Rama ngandika dateng voorzitteripoen Katholieke Actie ing Itali makaten; „Kaja déné angger wong Katholiek koedoe ngroemangsani doewé kawadjiban nandangi Katholieke Actie oetawa apes tetoeloeng, semono oega saben wong Katholiek koedoe doewé roemangsa kawadjiban najogjani tradjang oetawa pranatan-pranataning (organisatie) K. A. ing sabisa-bisané; jèn ora mengkono pakarjané bakal ora ngetokaké woh, malah bisa oega moeng ngrerandat baé lan gawé pitoena".

Manawi Kg. S. Rama ngandikakaken K. A. waoe, poenapa ingkang dipoenkersakaken boten mligi sociale actie? — Inggih leres, ngarsa dalem Kg. S. Rama wonten ing nawala dalem doemateng maha-biskop ing Breslau ngandikakaken, bilih K. A. poenika dipoenwastani sociale actie, sebab poenika toedjoenipoen amrih wijaring Kraton Dalem Sang Kristoes toewin ingkang moeroegaken loemantaring kanoegrahan ageng sanget, inggih sadaja gandjaran awit saking kraton dalem waoe; ananging sociale actie poenika sadjatosipoen namoeng sapérangan ageng saking K. A.

Sapoenika ladjeng K. A. poenapa kémawon, ingkang kedah dipoentindakaken P. K. W. saha tjabangipoen K.W.-K.W.? Katholieke actie waoe kerep dipoenpangandikakaken Kg. S. Rama, i.p. pandamelanipoen tijang Katholiek limrah, ambijantoe pakarjanipoen imam, biskop toewin Kg. S. Rama pijambak, mangrasoel krida, artosipoen ndjembaraken piwoelang dalem Sang Kristoes. Mila Kg. S. Rama mastani, bilih pakarjan poenika ngoengkoeli pakarjan sanèsipoen; boten wonten pakarjan ingkang saged mapaki oenggoel toewin loehoeripoen.

Jèn makaten temtoe sampoen samestinipoen, manawi sadaja tijang Katholiek Djawi kedah ambjoek dateng P.K.W. oetawi K.W. Tindak makaten poenika boten namoeng kénging lan pantes ingalembana (geaprecieerd) kémawon, ananging poenika kabekta saking kawadjiban blaka; poenika pakarjan ingkang loehoer pijambak, ingkang saged katindakaken tijang Katholiek. Pramila ing poendi kémawon, samangsa tjatjahing tijang Katholiek sampoen njekapi, ing ngrikoe kedah kawontenaken (dipoendegi) K.W., ingkang ladjeng kaoedi amrih soeboer lan widadanipoen.

„Sing nindakaké Katholieke Actie — makaten pangandikanipoen Kg. S. Rama doemateng Maha-biskop ing Breslau — babar pisan ora dilarangi nandangi politieke actie." Malah K.A. poenika ingkang ngoedi saha ichtijar, soepados tijang Katholiek saged anggebjoer ing kapolitikan; ananging anggènipoen nindakaken kedah kapisah, toer boten saben tijang saged toemoet mrikoe.

Katholieke Actie saben tijang saged nandangi, toer nama kawadjiban; babagan politiek boten saben tijang saged, sebab boten saben tijang gadah pangertos (talenten) toewin seserepan njekapi.

Mila pitakénan no.3: *„perloe poendi P. K. W. poenapa P. P. K. D."* wangsoelanipoen boten kénging boten kedah: P. K. W. sing perloe déwé (P. K. W. wint het verre). Manawi ing tanah ingkang sampoen Kathoiiek pakarjanipoen para imam boten saged mrantasi saking katahing pandamelan, langkoeng-langkoeng ing tanah ingkang dèrèng Katholiek, ingkang namoeng wonten imamipoen sakedik sanget, bokmanawi imam priboemi saweg satoenggal kalih, ing ngrikoe tijang Katholiek limrah ingkang kawadjiban soeka pitoeloengan, ngréntjangi nindakaken pakarjanipoen Pasamoean Soetji andjembaraken kraton Dalem Sang Kristoes, sarana Katholieke Actie.

Sociale actie oegi kénging dipoenpendet tegesipoen ingkang boten rowa; mila ladjeng ateges actie, ingkang toedjoenipoen ngéwahi lan njaèkaken prakawis sociaal. (Sociale verbeteringen en hervormingen).

Sapoenika pitakènipoen: Poendi ingkang langkoeng perloe? Poendi ingkang langkoeng perloe kanggé tanah (Djawi) ngriki? Semoe-semoenipoen kémawon ladjeng wonten leresipoen, manawi tijang Djawi Katholiek, samangsa nindakaken Katholieke Actie, ingkang boten kénging katilar (dipoensingkiri) babar pisan, masrahaken K. A. waoe sapérangan oep. sociale actie dateng tijang sanès, déné pijambakipoen ngetog kakijatanipoen mligi kanggé babagan politiek.

Poenapaa makaten? Politiek poenika wijar sanget tebanipoen, saged njaèkaken kawontenanipoen (toestanden), mranata ing bèndjingipoen toewin saged teroesan (rechtstreeks) nanggel wewenangipoen Pasamoewan Soetji toewin wewenang memoelangaken pangandel.

Margi ingkang makaten poenika tijang Katholiek ing negari Walandi tansah ngoedi toewin ichtijar poenapa malih gadah pangadjak, soepados katah tijang ingkang pinoendjoel anggebjoer ing kapolitikan, poeroen ngoerbanaken baoe soekoe. Pangadjak poenika oegi kénging kaetjakaken tanah Djawi ngriki; nanging oegi namoeng ingkang djempol-djempol lan sakinten mrantasi, perloenipoen soepados wewenangipoen ingadjénan ing sanès, saged angsal kalenggahan ingkang mesti ing salebeting pradja (staats-orde) ingkang saweg badé bribik-bribik kabangoen.

Ananging sanadjan makaten, boten kénging kasoepèn, bilih Katholieke actie poenika ingkang perloe, oenggoel lan loehoer pijambak, dados sareng lan molitiek kedah nandangi K.A. Sami èngeta, bilih ngetjakaken kapolitikan poenika boten saben tijang saged, nanging namoeng ingkang djempol-djempol. Sinten ingkang tjoto (onbevoegd), tanpa seserepan (onervaren) meksa nindakaken politiek, langkoeng-langkoeng sinten ingkang nindakaken politiek namoeng perloe soepados ketingal koentjara sarta pados pangkat inggil, katah kasilipoen, poenika ingkang ambilaèni sanget, poenika adamel pitoena ageng dateng Partij Katholiek, lan badé langkoeng ageng malih dateng badanipoen pijambak.

Koela memoedji sampoen ngantos pangadjenging tijang Katholiek Djawi ketoewoehan gagasan makaten poenika; moegi Goesti Allah tansah maringaken berkah Dalem.

Djokja.

J. J. v. RIJCKEVORSEL.

P R A D J A   R A H A J O E.

H E E R E N D I E N S T.

Protestvergadering P. S. I. I. ing Ngajogjakarta.*)

Parepatan manggèn wonten ing Djajadipoeran, kadatengan kirang langkoeng tijang 400. Wakil-wakil pakempalan P. P. P. H., P. N. I., I. M. Solo, J. I. B. lss. Wakil-wakil serat kabar: Sedya Tama, Fadjar Azia, Djawa Tengah, Djanget, Déwan, toewin *Swara-Tama*.

Wonten ing pamboeka, sadèrèk Drijawangsa pangarsaning parepatan anerangaken bilih ing dinten Ngahad tanggal 4 Mei waoe djam 9 éndjing, sadaja panggénan ing Indonesia ingkang wonten P.S.I.nipoen, sami ngawontenaken parepatan kanggé mrotès wontening pranatan heerendienst ing Indonesia ngriki. Katjarijosaken bilih kala taoen 1917 P. S. I. sampoen neda soewaking pranatan goegoer goenoeng, kerigan lss. Ananging protest kala taoen 1917 waoe toemoedjoe dateng Paréntah, wangsoel protest ingkang sapoenika toemoedjoe dateng kawoela. Poetoesanipoen parepatan ing sapoenika, tjalon kakintoenaken dateng Internationale Arbeidsco-Conferentie ing Geneve loemantar sadèrèk H. A. Salim.

Sasampoenipoen sad. Abas Wachid maos ajat Qour'an, kirang langkoeng djam 9.30 parepatan katapoekaken.

Sadèrèk Samsoemiridjal anerangaken bilih heerendienst poenika djaman kinanipoen inggih sampoen wonten. Nanging heerendienst djaman kina waoe béda kalijan heerendienst djaman sapoenika. Heerendienst djaman kina toewoehipoen adedasar karoekoenan lan pasedèrèkan, wangsoel heerendienst djaman sapoenika sampoen santoen sipat dados préntah.

Pamedar sabda anerangaken bilih kala taoen kapengker wonten salebeting Intern. Arbeids - Conferentie sadèrèk H. A. Salim sampoen mratélakaken bilih pakarjan peksan ingkang sinanggi ing kawoela wonten sakawan warni: 1). pakarjan peksan kanggé preloe oemoem; 2). pakarjan peksan kanggé kapreloewan kepeksa.; 3). pakarjan peksan kanggé pandamelan alit-alit ing doesoen-doesoen. 4). pakarjan peksan kanggé pangageng-pangageng nagari bangsa Priboemi.

- Ing Soematrah Kilèn tetijang kénging kerdja paksa kaping sakawan sataoen njangang dinten (- ingkang 2 dinten kanggé lampahipoen késah mantoek ingkang tebihipoen ngantos 42 K. M.), dados sadaja wonten 36 dinten. Wonten malih pakarjan peksan kaping sekawan mitoeng dinten, dados wonten 28 dinten. Ladjeng wonten malih *kerdja desa* kaping gangsal sataoen nigang dinten, dados goenggoeng 15 dinten. Lan wonten malih ingkang nama „kerdja boelan poernama" kanggé andandosi margi-margi doesoen, ngrèsiki kreteg-kreteg (oewod) lan ilèn-ilèn toja saoeroeting margi alit, dangoenipoen saged 7 — 12 dinten. Dados sadaja sampoen wonten 84 dinten. Kaping gangsalipoen taksih wonten malih lampah post (djalan post) kanggé 2 dinten, tebihipoen 1 — 27 K. M. Kerepipoen tijang ingkang angsal giliran lampah post (djalan post) kanggé 2 dinten, tebihipoen 1 — 27 K. M. Kerepipoen tijang ingkang angsal giliran lampah post poenika goemantoeng kalijan katahing tijang ingkang kénging kapatrapan kawadjiban waoe. Saben-saben tijang kalih kénging lampah post dangoenipoen kalih dinten. Saged oegi tijang pikantoek giliran saben woelan. Oepami kémawon tijang satoenggal pikantoek giliran kaping 10, ing dalem sataoen dados tijang kalih wonten 20 dinten. Kadjawi poenika taksih wonten malih ingkang kawastanan koeli pikoel. Manawi angka-angka ing nginggil waoe kagoenggoeng, sataoen-taoenipoen kawoela ing ngrikoe (sadjawining th. Djawi) kepeksa njamboet damel tanpa épahan sataoenipoen 193, oetawi ratjak 175 dinten. Mangka tijang waoe inggih kedah ambekta sangoe tetedan pijambak, taksih kedah oegi ambajar paos. Toemrap Palémbang sataoen-taoenipoen kerdja paksa waoe boten kirang saking 150 dinten.

Margi-margi ing Soematrah ingkang margi wontening heerendienst dados sesanggèning kawoela pandjangipoen boten kirang saking 20.000 K.M. kanggé margi montor pinten-pinten èwoe. Margi-margi poenika waoe dados kabetahan ageng toemrap saindenging tanah djadjahan, kanggé adjenging padagangan, kaboedidajan toewin panggaotan. Mila boten pantes manawi kawadjiban andandosi margi waoe kapasrahaken dateng tetijang ing papan ingkang kelangkoengan margi waoe inggih sanadyana bangsa mantja waoe toemoet ambajar paos ingkang minangka gegentosing heerendienst.

Paréntah Nederland kaprajogèkaken ngitjali sadaja pakarjan peksan ingkang boten dipoenépahi, kadjawi manawi pantjèn boten saged pikantoek koeli merdika. Manawi makaten Paréntah oegi anama tetoeloeng prakawis preloe dateng djadjahanipoen, i. p. njoekani pandamelan dateng kawoela ingkang djiwanipoen saja katah lan sami boten gadah pandamelan. *(— N.B. Sadaja ingkang katjarijosaken nginggil poenika ingkang radi rowa kawrat wonten ing boekoe „Hadji A. Salim di Geneve" regi f 0,80, ngewrat sosorah-sosorahipoen H.A. Salim lan oetoesan-oetoesan sanès ing Intern. Arbeids-Conferentie waoe. A.S.D.-).*

Sabakdanipoen poenika pamedar sabda ladjeng maos Memorie Anti-Heerendienst saking Loedjnah Tanfidzjjah P. S. I., ingkang tjalon kakintoenaken dateng Geneve, oengelipoen makaten:

> Kahadapan
> Madjelis Persidangan Conferentie Internationaal atas Perboeroehan, dan segala madjelis Internationaal jang memperhatikan nasib ra'jat-ra'jat dan golongan-golongan jang tidak mengoeasai diri sendiri.

Tatkala dalam masa tiga abad jang laloe,— pada penghabisan abad ke XVI dan permoelaan abad ke XVII. — orang poetih dari Barat moela-moela datang mentjampoerkan pengaroehnja di negeri kami ini, adalah mereka mendapati di sini beberapa keradjaan Islam jang telah ma'moer negerinja, sentosa atoerannja dan tjerdas ra'jatnja, tidak koerang daripada oekoeran doenia Barat dalam masa itoe.

Kemadjoean petanian selainnja menghasilkan bakal-bakal kehidoedan bagi dalam negeri, dapat poela mengoesahakan hasil tanaman oentoek perniagaan keloear negeri seperti terboekti dalam riwajat.

Kemadjoean keradjinan ketoekangan jang dapat menghasilkan segala keperloean pakaian barang tenoenan, dan kemadjoean kepandaian boeatan besi, tembaga, emas dan perak bagi perkakas dan perhiasan, demikian djoega kemadjoean kepandaian bangoen-bangoenan memboeat roemah, kota, negeri, djalan, djalan air, d.l.l. terdapat boektinja dalam tarich riwajat dan daripada bekas-bekasnja dalam negeri dan museum-museum.

Kemadjoean perniagaan terboekti dalam tarich riwajat djoega dan bekas-bekas perhoeboengan dengan negeri asing sampai sedjaoeh China, Hindoestan, Teloek Persi dan Madagascar.

Alhasil, keadaan negeri kami itoe mengandoeng segala sifat dan sjarat negeri hidoep didjalan kemadjoean, jang berangsoer-angsoer melakoekan djoega pengaroehnja kehoeloe-hoeloe negeri dan kepoelau jang ketjil-ketjil, jang berdjaoehan dengan bandar-bandar dan poesat keradjaan-keradjaan jang terseboet itoe.

Datangnja orang poetih, jang ditjeritakan tadi itoe menjebabkan peroebahan di djalan kemadjoean itoe. Berdirinja kekoeasaan Vereenigde Oost-Indische Compagnie (V. O. C.) jang berdasar dengan kekoeatan sendjata dan peperangan memoetoeskan segala perhoeboengan keloear negeri dan menjebabkan berhentinja kemadjoean itoe. Toentoetan kongsi perniagaan jang bekerdja dengan hak peperangan itoe memperhambakan ra'jat bagi menghasilkan hasil tanaman jang dihendaki

*) Margi kekirangan papan, kala Djoemoewah kapengker boten saged kapatjak. *Red.*

KABAR SAKING PAKEMPALAN.

SOWANIPOEN PANGRÈH K.W. LAN P.P.K.D. WONTEN ING NGARSA DALEM Mgr. A. V. VELSEN!!

Kala dinten Ngahad 11 Mei '30 poenika pangrèh K.W, lan P.P.K.D. afd. Soerakarta sowan wonten ingarsa Dalem Mgr. A. van Velsen — minangka dados sesoelihipoen para Kadang Kath. Djawi — angabekti tanda soengkem kita sad. Katholiek Djawi wonten ingarsa Dalem. [Manggèn ing Pastoeran!!] Rama G. A. K. W. oegi ndjenengi, — Sasampoening sami ngaras kalpika Dalem saha binarkahan, ladjeng kadawoehan linggih! Let sakedap sad. Brataatmadjan atas namaning warga K. W. toewin sad Kath. Djawi sadaja, langkoeng² ingkang nembé sami kasantosakaken — moendjoek wonten ingarsa Dalem ngatoeraken genging sembah noewoen déné Mgr. sampoen karsa rawoeh ing Soerakarta. — Margi rawoeh pandjengan Dalem waoe katah sad. Solo ingkang tampi wahjoening Pangéran — Sinengkaken ingaloehoer dados pradjoerit tamtama Dalem Sang Kristoes ingkang langkoeng peng-pengan. Bab poenika waoe kanggénipoen sad. Kath. ingkang sampoen sinantosakaken, minangka panggoegah — moerih saja nggregoet — saja mempeng — saja ngertos dateng wadjibing dados Katholieke Strijders. —

Atoer waoe sanget ndadosaken rena Dalem Kg. Biskop — Ing saladjengipoen ndangoe bab kamadjenganing pakempalan²: Kath. Djawi — [K.W. — W.K. — P.P.K. D. — P.L. — K.P.B. —] saha paring pamrajogi margi poendi ingkang kedah kita ambah wonten ing madyaning maatschappij ingkang kebak eri bebondotan poenika waoe; ing saantawising dawoeh - dawoeh waoe wonten kalih bab ingkang pantes kita pèngeti i. p.

a. Wonten ing madyaning pakempalan, pangrèh sampoen ngemoengakaken njamboet damel kalijan para ingkang madjeng-madjeng kémawon, nanging oegi kedah kalijan para ingkang alit-alit — Pangrèh kedah mitoeloengi para warga-warganipoen menggah ing kabetahaning gesangipoen, inggih prakawis rohani oetawi djasmani pisan.

b. Kita poetra Kath. Indonesia kedah teroes njamboet damel sampoen ngantos moendoer sadjangkah, kanggé noedjoe idam-idaman kita mawi atetales Katholiek — kedah boten pisah — kedah boten nilar lan „'t Katholicisme"

Kirang langkoeng djam 11, 30 para ingkang sami sowan ladjeng njoewoen pamit moendoer kanti pinaringan berkah!!

Moegi-moegi ndjawi nglebet sajektos!!

C.C. Solo.
A. J. S.

BESTUURVERGADERING K.W. AFD. SOERAKARTA Tg. 5-5-'30.

Ngrembag prakawis warni - warni i. p. njaèkaken administratie.— Mitoeloengi madosaken ragad kanggé sad. Kath: Batoeretno ingkang nedya nampi Sakramèn Kasantosan —derma waoe kaideraken dateng sad. Kath. sadaja, dados boten ngemoengakaken warga K. W. kémawon — Ngrantjang badé sowan ngabekti, dateng Ingkang Minoelja Kg. BisCOP — Bab poenika Rama G. A. paring pamrajogi, gegajoetan kalijan prakawis warni - warni — Ingkang sowan ngabekti pangrèh K. W. — saha mawi atoer sakedik!! Ngrantjang agenda kanggé parepatan warga tjandakipoen — wontening rembag ingkang perloe i. p. netepaken Commissie tata tjara — Saha nampi sesorah babagan Sociaal.

POESPITA MANTJA WARNA.

„SAPARA SEPOELOEHÉ WOELOE WETOENÉ BANISRAÏL INGSOEN PARINGAKÉ MARANG TOEROENING LÉVI."

I.

I. Petikan saking „Boekoe - Witjalan" (Liber Numerorum) bab 18 ajat 21. Nalika leloehoer kita Haroen sampoen kawisoeda sinengkakaken djoemeneng Imam Agoeng, tampi kasagahaning Pangéran makaten: „Ing tembé jèn sira woes toemeka ing tanah kang Soen - pradjangdjèkaké, sira bakal sepi ing barang darbé, lan sira ora bakal tampa pandoeman lemah; djer Ingsoen kang djoemeneng minangka pandoeman lan warisanira ana ing samadyaning Banisraïl. Éwasemono toeroening Lévi Ingsoen paringi sapara sepoeloehé woeloe wetoené Banisraïl minangka kanggo pitoewasé enggoné angabdi Ingsoen ana ing aswana Soetji." Pangandikaning Pangéran Jehowah èstoe kalampahan sadaja. Sareng Banisraïl sinarawèdi sampoen doemoegi ing djadjahan Kanaän, lan sadaja bangsa sampoen kalindih déning Sang Sénapati Josoewé, Pangéran paring dawoeh amérang-mérang tanah Kanaän. Toeroenipoen Roebin Gad, Manasses, Épraïm, Asser, Saboelon, Issakar, Neptali, Siméon, Dan, Joedah lan Bénjamin tampi pandoeman siti sadaja; namoeng toeroenipoen Lévi ingkang boten tampi pandoeman siti kedjawi namoeng kita sawatawis minangka dados padépokanipoen.— La sapoenika poenapa ta djalaranipoen déné tedak Lévi boten pikantoek pandoeman? Menggah sebabipoen boten lija amargi tedak Lévi pinidji ing Sang Maha - loehoer dados imam lan djoeroe lados Dalem, ingkang kedjibah angoepakara Padaleman Soetji poenapadéné amemoeroek Banisraïl, soepados sami angadep ing Jehowah anilar sadajaning pandamel awon. Rèhning pakarjan poenika loehoer lan wigatos sanget, poenapa malih moerih saé toemindakipoen, boten kénging pisan-pisan sinambi makarja sanèsipoen, dalasan sinambi ngoepa boga, oegi boten kapareng. Lan sarèhipoen tijang ngagesang poenika sagedipoen namboet kardi, boten kénging kontjatan ing sandang teda, pramila Banisraïl kadawoehan ing Jehowah njanggi daharing para Imam lan djoeroe lados Dalem; lan ing mangké sampoen katemtokaken: Sapara sedasanipoen woeloe wedal kedah katjaosaken dateng para Imam lan djoeroe lados Dalem.

Makaten kawontenanipoen ing Pradjangdjian Lami.

II. Sapoenika kados - poendi kawontenanipoen ing Pradjangdjian Énggal, ing Pasamoewan Soetji? Ing riki Sang Hjang Djalma Allah amidji pepilihan Dalem Biskop lan imam, ingkang kadjibah angrimat pasamoewan - jejasan Dalem, angedoem brana Dalem kaswargan inggih poenika Sakramèn-Sakramèn lan sih pitoeloengan Dalem sanèsipoen dateng kawoela Dalem sinarawèdi, tijang Katolik, poenapadéné moelang memoeroek lan nenangi, soepados kawoela Dalem sami ngadep ing Sri Jésoes sadaja, anjingkoer pandamel doersila. Rèhning pakarjaning imam Dalem poenika adiloehoeng lan saklangkoeng wigatos, mila oegi boten kénging sinambi ngoepa boga oetawi makarja sanèsipoen. Lan sarèhning para imam Dalem sagedipoen namboet kardi, kedah gesang, lan sagedipoen gesang, kedah boten katelasan ing boekti, pramila sadèrèk katolik oegi kadjibah njanggi daharipoen Imam Dalem, kados déné Banisraïl. Manawi kalimbang sawatawis, koewadjibaning para sadèrèk katolik anjampeti kabetahaning Imam Dalem ing babagan djasmani, poenika boten namoeng mligi kadawoehaken ing K. Goesti, nanging oegi sampoen kabekta saking anggering kodrat pijambak (natuurwet). Liripoen makaten: Para ratoe, najaka pradjoerit lan prijantoen sanèsipoen kados déné wedana, ass. wedana lan sapanoenggilanipoen, ingkang sami mranata lan ndjagi tata katentremaning kawoela alit ing babagan djasmani, poenika pantes lan sami anggadahi hak manawi gesangipoen kasanggia ing kawoela alit; pramila tijang alit ingkang nalar, inggih lega rila kémawon asoeng boeloe bekti dateng Sang Nata oetawi Paréntah sarana ambajar paos minangka kanggé pitoewasing Nagari anggènipoen angamping-ampingi tijang alit. Ing sapoenika poenapa Imam Dalem ingkang ngoerbanaken salira meleng ing karahajoning sadèrèk katolik ing babagan rohani, ingkang langkoeng loehoer kalijan barang djasmani, boten pantes oetawi boten anggadahi hak manawi gesangipoen djasmani kasanggia ing sadèrèk katolik?

DJALARAN.

kongsi itoe, sampai petanian oentoek keperloean hidoep ra'jat sendiri terdesak. Djangan lagi hendak menjeboet oesaha memadjoekan petanian itoe menoeroet keperloean kemadjoean doenia.

Tidak heran, bahwa ra'jat jang ditoendoekkan dengan kekoeatan sendjata dan diperhambakan dalam oeroesan hal pekerdjaan dan penghasilannja boekan sadja tidak berlakoe teroes kemadjoeannja, melainkan malah bertambah-tambah djatoeh deradjatnja dan mati atau hilang 'ilmoe kepandaiannja.

Inilah asal-sebabnja kerendahan deradjat ketjerdasan adab dan kepandaian kaoem ra'jat bangsa kami sekarang ini. Satoe kekoerangan jang terbit daripada tindasan kekoeasaan jang bersifat kekerasan kasar dalam zaman jang laloe itoe.

Maka alangkah aneh dan salahnja, bahwa keroesakan jang disebabkan oleh tindasan itoe sekarang diambil djadi alasan bagi *tidak memberi keleloeasaan kemerdekaan.* Dipakai djadi alasan oentoek memerintah bangsa jang roesak nasibnja dan berhenti kemadjoeannja *karena* kekerasan perintah, dengan teroes-meneroes melakoekan pemerintahan paksaan.

Zaman jang laloe itoe ta' goena dioelang-oelang, dibalik-balik lagi membitjarakan dan mentjela-mentjatji keboesoekannja.

Tapi dalam zaman sekarang ini, jang soedah mengoetamakan paham ethiek, jang meninggikan hak kemanoesiaan dan paham ke'adilan di antara manoesia jang mewadjibkan pembelaan si lemah atas segenap kemanoesiaan, tidak patoet lagi dikekalkan keadaan-keadaan jang bersifat sisa-sisa atau bekas-bekas paham tindasan dan paksaaan zaman doeloe itoe, jang soedah diterangkan pengaroehnja di atas tadi.

Maka salah satoe sisa itoe ialah kerdja paksaan jang masih belakoe di negeri kami ini dengan nama *„heerendienst"*.

Heerendienst itoe jang diadakan oleh kekoeasaan Nederland di beberapa bagian djadjahan Nederland ini ditambah dengan desa-atau gemeentedienst jang memang satoe kewadjiban asli memakan waktoe ra'jat dari 60 hari sampai 80 hari; malah ada kala sampai lebih 100 hari, bahkan sampai 150 hari setahoen.

Sangat tidak patoet poela pekerdjaan kompenian, jaitoe heerendienst jang dikekalkan ditanah-tanah particulier dipoelau Djawa, pada hal diloear tanah-tanah itoe heerendienst telah dihapoeskan.

Kerdja paksaan, jang ta' boleh ditolak, tidak diberi oepah, malah tidakpoen diberi makan. Malah bekal makanan oentoek hari-hari kerdja paksaan itoe terpaksa poela ditjarikan di waktoe jang lain.

Sesoeatoe bangsa, jang kena paksaan sebagai itoe, djangankan hendak mendidik kemadjoean peroesahaan-peroesahan dan kepandaian - kepandaiannja, sedangkan oentoek menghasilkan barang jang perloe bagi menjamboeng njawa sehari-haripoen hanjalah dapat dengan seolah-olah berkedjar-kedjar dengan rezki. Dalam hal jang demikian itoe, sekali-kali tidak boleh diharapkan bangsa itoe akan sempat memikirkan, apalagi mempeladjari kepandain baroe oentoek memperbaiki peroesahaannja jang lama-lama. Maka tidaklah salah lagi kerdja paksaan jang sematjam itoe mesti dinamakan *pentjegah kemadjoean, pemboenoeh roh* dan *pemboetakan boedi ra'jat* jang dikenakan dia. Dan tidaklah lain sifatnja, melainkan *perboedakan,* jang merendahkan deradjat sebagian manoesia dengan karena kekerasan sebagian manoesia jang lain jang meninggikan dirinja.

Sewenang - wenang jang memikirkan diri sendiri sadjalah jang moela-moela mengadakan kerdja paksaan itoe, dengan tidak memikirkan perhinaan dan keroesakan ra'jat jang dikenakan itoe. Maka hanjalah paham jang sama dengan itoe, jang dapat melandjoetkan keadaan jang nista itoe.

Djika hendak dipandang sebagai ganti bea padjek poen tetap djoega kerdja paksaan heerendienst itoe salah asasnja, melanggar paham ke'adilan. Asas jang 'adil bagi padjek, ialah bahwa jang lebih mampoe dikenakan lebih dari pada jang koerang, dan bahwa ia tidak dipikoelkan kepada orang, jang tidak toeroet mendapat faedahnja.

Maka heerendienst itoe sama rata mengenai jang miskin dan jang kaja, jang koeat dan jang lemah. Dan djalan-djalan besar, jang dioesahakan dengan dia tidak bergoena kepada si miskin dan amat sedikit goenanja kepada kaoem ra'jat oemoemnja jang tidak mempoenjai peroesahaan atau perniagaan besar-besar. Malah kewadjiban heerendienst itoe memaksa menambah melaratnja si miskin dan mentjegah kemadjoean ra'jat 'oemoem semata-mata.

Demikianlah kenistaan heerendienst, jang memang mendjadi bawaan peratoerannja.

Sepatah kata perloe kami hoeboengkan disini dari hal dessa-atau gemeentedienst. Telah terdahoeloe pengakoean, bahwa memang sewadjibnja anggota-anggota sesoeatoe perkampoengan mengerdjakan keperloean-keperloean perkampoengan itoe, jang mesti dikerdjakan. Dan 'adat itoe mémang dari doeloe terpakai dalam pergaoelan bangsa-bangsa kami di Indonesia. Malah pekerdjaan seorang-seorang poen, djika pekerdjaan besar-besar seperti mengerdjakan sawah dan membangoenkan roemah, didjadikan pekerdjaan bersama. Maka kerdja bersama sematjam itoe adalah dasarnja rasa persatoean dan persamaan keperloean. Tapi dibawah perintah gouvernement asing jang sekarang ini kerdja itoe mendjadi bersifat paksaan jang dikoeatkan dengan perintah kekoeasaan dan antjaman hoekoeman, dan dipikoelkan lebih dari jang dirasakan perloe oleh ra'jat. Istimewa di désa-désa jang masih menetapkan djaga-ronda 52 malam dalam setahoen, beban itoe diberatkan pertjoema dan sekali-kali tidak berpadanan dengan keadaan dan kehendak zaman kemadjoean kita sekarang ini.

Sebab itoe, biarpoen diakoei wadjibnja kerdja desa atau gemeente itoe, akan tetapi perloe djoega ada batasnja jang tentoe-tentoe. Istimewa perloe dihidoepkan soenggoeh-soenggoeh hak koempoelan ra'jat akan memoetoeskan sendiri atas keperloean itoe!

Adapoen akan halnja heerendienst itoe tentoe mesti berlebihan dari pada jang terseboet di dalam wet. Sebab boekanlah keadaan ra'jat jang mendjadi oekoeran, melainkan pekerdjaan jang ditetapkan lebih dahoeloe daripada memperhitoengkan kekoeatan dan ketjakapan ra'jat. Dan bertambahnja pekerdjaan itoe di dalam „zaman kemadjoean" jang achir - achir ini, djaoeh sekali melebihi tambahan ra'jat jang mesti mengerdjakan dia.

Oleh sebab itoe bermatjam-matjam keadaan jang salah-salah dan nista-nista tertjampoer kepada berlakoenja heerendienst itoe. Anak-anak jang sangat moeda, moelai dari oemoer 15 tahoen soedah dikenakan heerendienst, dan orang toea-toea jang beroemoer 60 tahoen masih banjak jang teroes dikenakan djoega. Orang jang sakitpoen tidak dibebaskan, melainkan terpaksa mengganti hari jang loepoet itoe, apabila ia semboeh daripada penjakitnja.

Bermatjam-matjam poela kedhaliman dan aniaja berikoet dengan heerendienst oleh karena kepala-kepala kaoem ra'jat mendapat keoentoengan daripada hoekoem denda jang didjatoehkan kepada ra'jat itoe karena kesalahan lalai mengerdjakan heerendienst.

Lagipoela soedah memangnja kekoeasaan paksaan jang begitoe besar dan begitoe sangat melanggar hak manoesia merdeka atas dirinja, jang kekoeasaan itoe diberikan kepada pihak pembesar jang mempoenjai kekoeasaan di atas pihak ra'jat, tentoe mesti dengan tidak boleh tidak menimboelkan matjam-matjam sewenang-wenang dan aniaja kedhaliman dengan tidak boleh tidak. Istiméwa dimana ra'jat itoe tidak mempoenjai sesoeatoe hak atas pengoeasaan negerinja.

Maka bagaimanapoen bagoesnja peratoeran-peratoeran jang akan dikarangkan bagi mengatoer kerdja paksaan itoe, seperti jang dimaksoed dengan daftar pertanjaan, jang telah dikarangkan oleh persidangan Conferentie Internationaal atas Perboeroehan dalam boelan Juni 1929 itoe, oleh keadaan tanah djadjahan dan ketiadaan hak-hak jang tjoekoep pada ra'jat tanah-tanah djadjahan itoe, tidaklah akan dapat disingkiri kenistaan-kenistaan dan kedjahatan-kedjahatan jang berhoeboeng dengan dan jang timboel daripada keadaan kerdja paksaan itoe.

Mengingat hal ini, jang beralasan dengan kenjataan jang bersetoedjoean dengan hasil penjelidikan 'ilmoe tentang sifat dan tabi'at manoesia dan pergaoelan manoesia, maka ta' dapat dimoengkiri lagi, bahwa sesoeatoe pihak jang membenarkan atau mengoeatkan peratoeran kerdja paksaan 'oemoemnja dan peratoeran heerendienst di negeri kami ini, njatalah pihak itoe menanggoeng poela segala kenistaan.

Kami hendak pertjaja, bahwa Conferentie ini tidak akan soeka menerima tanggoengan jang sangat menjalahi asasnja dan asas Perserikatan Doenia itoe. Maka dengan amat sangat kami mengharapkan, soepaja Conferentie ini akan mengambil kepoetoesan tentang kerdja paksaan itoe, sebagai kepoetoesannja tentang perboedakan boedak-belian, jaitoe menoentoet terhapoesannja semata-mata.

Hanja sikap inilah jang lajak dan patoet kepada Conferentie ini, jang berdiri atas oetoesan-oetoesan pemerintah-pemerintah dan bangsa-bangsa jang mengakoe berkemadjoean adab dan sopan. Dan hanja sikap inilah jang dapat memenoehi kewadjibannja terhadap kepada bangsa-bangsa manoesia, jang oleh kekoeasaan Barat telah kehilangan haknja mengoeasai diri sendiri. . . . ."

Wasana pamedar sabda neda soepados sadaja kémawon samia nggatosaken, mrihatosaken heerendienst.

(badé kasambet)

NANDINGI TOEKANG APOES.

Ingkang badé koela rembag ing ngriki dédé toekang apoes kados bangsanipoen lintah darat, amargi poenika wontenipoen sampoen wiwit djaman roemijin kados ingkang sampoen koela terangaken wonten ing Swara Tama angka 16 inggih poenika jèn kala 80 taoen kapengker Tjina ingkang sami ngakali tijang Djawi patrapipoen kalijan sapoenika taksih sami. Rékanipoen nandingi roemijin sampoen koela tjarijosaken.

Samangké oengsoemipoen, laré sinaoe. Sarèhné laré sinaoe poenika katah ingkang matjak-matjak, katah ingkang taksih nèm-nèm, dadosipoen gampil apoes-apoesanipoen, mila ladjeng katah tijang ingkang pados panggaotan ngapoesi laré sekolah. Inggih toekang apoes poenika ingkang badé koela rembag. Patrapipoen ngapoesi warni-warni. Wonten laré alit oemoer 9 taoen, sekolah H. I. S. poenika jèn dateng sekolahan mawi njepoer, mila tanpa kantja tijang sepoeh inggih pitados kémawon. Laré waoe kalebet anakipoen tijang tjekap, tandanipoen benikipoen jatra oekon djené. Toekang apoes ladjeng njarengi njepoer, tjrijos dateng laré waoe jèn taksih kaprenah pamanipoen, mila badé dipoendjak toewi embahipoen ingkang saweg sakit. Tjekakipoen laré waoe nggega oengeling toekang apoes. Dipoenbekta dateng tebon ladjeng dipoenpedjahi, benikipoen oekon dipoenpendet.

Wonten malih toekang apoes soemerep laré alit-alit sami matjak, ladjeng dipoenpanggihi, dipoensagahi poenapa-poenapa sarta dipoendjak inggih dateng tebon. Wonten ing ngrikoe ladjeng dipoendèdèli.

Toelada sanès: Wonten laré èstri kalih oetawi tiga oemoer 12 — 14, mantoek saking pamoelangan. Ladjeng dipoesarengi toekang apoes. Manoet omong-omonganipoen tetéla jèn laré waoe remen dateng sandang, oepami gadah jatra, temtoe badé toembas rasoekan ngaten, sindjang ngaten lsp. Toekang apoes tjrijos manawi ingkang kados makaten poenika badé kaleksanan, anggeripoen poeroen toemoet pijambakipoen dateng Semarang oetawi Betawi. Soepados boten katingal ngapoesi, laré-laré waoe kasoekanan arta kanggé njepoer lan djadjan. Poen laré-laré sami tjotjog, dipoenpenging tjrijos dateng tijang sepoeh inggih poeroen. Woesana wonten ing Semarang oetawi Betawi kalebetaken ing baita sarta kabekta dateng Singgapoer perloe badé kasadé, tjalon kadadosaken tijang awon.

Sapoenika kados-poendi rékanipoen nandingi toekang apoes ingkang kados makaten?

Neda pitoeloenganing poelisi oetawi Negari? Poelisi oetawi negari poenika sagedipoen tetoeloeng, manawi sampoen wonten njihnanipoen, kadosta jèn tijang sepoeh alok: „Anak koela itjal, mas poelisi koela atoeri madosaken." Oetawi poelisi saweg kliling, woesana mranggoeli laré nangis, ladjeng dipoentakèni: „Lé (ndoek) kok nangis ki kena apa?" Wangsoelanipoen: „Koela dipoenwèrek." Lah ing ngrikoe poelisi saged tetoeloeng.

Nanging ingkang kados makaten poenika toemindakipoen angèl. Jèn tijang sepoeh alok anakipoen itjal, poenika bokmanawi anakipoen sampoen wonten ing Singgapoer oetawi sampoen pedjah.

Prakawis kliling, Negari saged dawoeh mriksa baita ingkang badé mangkat, poenapa ing ngrikoe wonten laré dipoenwèrek sarana apoes. Ingkang makaten poenika sampoen toeloeng katah. Mila prajogi sanget manawi pakempalan - pakempalan kados déné P. P. I. I. njoewoen dateng Negari, soepados karsa nindakaken ingkang kados makaten poenika. Nanging sanadjana makaten, pandoegi koela toekang apoes taksih saged pados réka malih, soepados sampoen ngantos konangan. Kalijan malih, poenika namanipoen sampoen radi kasèp, djalaran poen laré sampoen wonten ing tanganing toekang apoes. Saged oegi sarèhné laré tanpa kantja oetawi kanti, dipoenantjam, ladjeng adjrih tjoemoewit.

Mila sarana ingkang saé pijambak poenika ngoedi soepados laré sampoen ngantos katekem ing toekang apoes.

Ing nginggil wonten toelada laré dipoendèdèli margi manganggé ingkang saé oetawi dipoenpedjahi amargi nganggé benik oekon djené. Jèn makatena tijang sepoeh kedah dipoenpenging mematjak anakipoen. Dateng pamoelangan poenika tjekap manawi nganggé - anggé ingkang pasadja anggeripoen resik. Sinten ingkang prajogi menging tijang sepoeh waoe? Sarèhné ing ngriki ngrembag laré sekolah, mila goeroe ingkang prajogi nindakaken poenika. Pakempalan - pakempalan ingkang saged tjawé - tjawé, prajogi oegi. Kalijan malih poenapa ta perloenipoen laré alit - alit sami dipoenpatjaki keras? Katah kémawon laré oemoer kalih taoen sampoen dipoenkaloengi mawi mas-masan. Poenika namoeng ngiming - iming tijang remen ngapoesi.

Awonipoen laré dipoen-gegoelang matjak poenika, ladjeng kados déné toeladanipoen laré èstri ingkang kaseboet ing nginggil, andjalari kepéngin gadah arta oetawi pados pandamelan, soepados saged matjak keras. Masti kémawon gampil kénging apoes.

Dados anak sampoen dipoengegoelang matjak keras!

Sarana ingkang kaping kalih inggih poenika: anak dipoen-gegoelang, manawi badé perloe kekésahan oetawi dipoendjak ing kantja oetawi mitra, kedah pamit dateng tijang sepoeh. Oepami laré dipoenpenging déning toekang apoes pamit dateng tijang sepoeh, poenika ladjenga mangertos bilih poenika tindak ingkang kirang prajogi sarta ladjeng gadah panginten manawi tijang waoe toekang apoes.

Pandoegi koela, jèn sarana kekalih poenika dipoentindakaken déning para tijang sepoeh sarana dipoensesorahi déning goeroe lan sanèssanèsipoen, poenapa malih jèn moerid oegi dipoentjrijosi bebajanipoen kénging apoes, lami - lami soeda oetawi itjal tjatjahipoen toekang apoes, ingkang ngapoesi laré.

Soemangga sami dipoenetjakaken!

poen P. D.

DOKTER APOES.

Nalika tanggal 18-4-30, koela kaleres linggih maos Swara Tama, ladjeng katamoewan sadèrèk atjalana pandjang tesmakan, lan inggih sepaton, noempak pit, tasipoen kebak isi. Sasampoenipoen bagé-binagé satata-linggih, tijang waoe nedahaken kwitantienipoen tijang inngkang sami toembas djampi, ingrikoe kwitantie nerangaken contant ½, lainnja ditjitjil tiap ² boelan sesoedah semboeh sekoewatnja.

Koela dipoentakèni, jèn mentas ndodok dangoe, ladjeng ngadeg, temtoe pet-petan, manawi linggih dangoe ladjeng gringgingen, koela mangsoeli inggih.

Koela kapoerih ngadeg, kapoerih oetjoel rangkepan, mèlèt, dada dipoentoetoeki, soekoe dipoenpjokpjok toja, dipoentjoebles djaroem dipoentingali rahipoen, ladjeng tjrijos getihé iki koerang resik, kowé koedoe ngombé djamoe iki, dipoendamelaken ± wawrat 39 gr, raosipoen, asin sepet, lan dipoensoekani bangsa ojodan kapoerih nggodog mawi gendis batoe, kanggé ombén pendak mapan tilem 2 séndok makan, lan glintiran tjemeng saèmper klenteng, kaoental 5 pendak éndjing ladjeng kapoerih tèken damel kwitantie: Saja mengakoe beli obat arga f 6,45 dengan contant ½, dan wang priksaan f 1,10, lebihnja ditjitjil soedahnja semboeh.

Koela inggih bajar f 4,22⁵.

Kotjapa sareng sampoen koela lampahi poenapa pitedahipoen sang minda dokter, angsal 3 dinten, koela boten dojan neda, sirah malah jerjeran. Poenika kraos koela manawi dipoenapoesi, lan sabakdanipoen poenika ladjeng boten dateng malih. Mangka sinten kémawon sampoen kakéngingan ladjeng boten dipoendatengi malih. Menggah woedjoedipoen tijang: Tjina saèmper Djepang (oentoe djené) mawi katja mripat. Mila sadèrèk ingkang bokmanawi katamoewan Tjina kados ingkang koela atoeraken waoe sampoen dipoen tampi, malah kaatoerna poelisi kémawon. Djalaran sampoen katah sanget sadèrèk ingkang sampoen kapoesan.

Noewoen.
poen: J.N.R.

SERAT KABAR ÉNGGAL.

Redaksi dèrèng lami poenika angsal kintoenan serat kabar énggal, namanipoen „Revue Politik" soerat kabar minggoean merdéka, dikemoedikan dan diterbitkan oleh M. Tabrani, terbit tiap-tiap hari Saptoe. No. I. Jacatra 3 Mei 1930. Tahoen I. 25 ct.

Dados serat kabar énggal poenika ngrembag politik. Sanadjan Swara Tama poenika dédé serat kabar politik (Jèn badé ngrembag politik, papanipoen ing Soeara Katholiek) éwasamanten kénging kémawon ngrembag poenapa isinipoen serat Revue Politik waoe.

Menggah isinipoen ingkang perloe-perloe inggih poenika: Politik ngamantja, politik Sepanjol (Sang Praboe manggih pakèwed, djalaran katah tijang ingkang neda republiek), politik Toerki (kamadjenganipoen para wanita), ladjeng politik negari Wlandi menggahing kawontenan Indonésiah, Politikipoen R. M. Notosoeroto, lsp.

Wondéné sadèrèk Tabrani nganggé politik kosok-wangsoel kalijan R. M. Notosoeroto. R. M. poenika manoet sadèrèk Tabrani ngoedi wontenipoen Nederland-Raja, sareng Tabrani: Indonésia-Raja. Sadèrèk Tabrani tjotjog kalijan Perhimpoenan Indonésia, namoeng béda saranani-poen, awit Perhimpoenan Indonésia poenika non-cooperatief, sareng Tabrani: cooperatief.

Sarèhné Revue Politik poenika saweg medal sapisan, milanipoen koela dèrèng saged njarijosaken, cooperatief poenika kados-poendi widjang-widjanganipoen.

Nanging sampoen genah, bilih sadèrèk Tabrani kepéngin sanget sagedipoen golongan Katoelik lan S.D.A.P. ing Tweede Kamer dados satoenggal, awit kalih-kalihipoen ngadjengaken kamardikanipoen Indonésia, namoeng kémawon Tabrani boten ngertos angèlipoen golongan Katoelik dados satoenggal kalijan bangsa Sosialis kabekta saking kosok-wangsoeling dedasaripoen (Katoelik adedasar agami, Sosialis mengsah agami).

Manoet pamanggihipoen sadèrèk Tabrani: samangké poenika ing ngriki sampoen wonten Pergerakan Indonésia Moeda, mila inggih kedah gadah dedamel, inggih poenika serat kabar, poenika sababipoen sadèrèk Tabrani ngwontenaken Revue Politik.

Sadèrèk Tabrani mérang golongan Indonésia poenika makaten:

1) Tijang ingkang namoeng maos serat kabar mawi salah satoenggiling basa Indonésia.

2) Tijang ingkang namoeng maos serat kabar mawi basa Wlandi.

3) Tijang ingkang maos serat kabar inggih Wlandi inggih Indonésia.

Mila soepados Revue Politik kawaos ing sadaja tijang Indonésia, kedah mawi basa apes: Mladjeng lan Wlandi, nanging wiwit sapoenika sampoen kénging tijang ngintoenaken karangan mawi basa kedjawi Indonésia lan Wlandi, oegi Inggris, Djerman, Prantjis lan Esparanto.

Sadèrèk Tabrani tjrijos jèn pijambakipoen boten nindakaken tjara „Tjoba-tjoba".

Koela pijambak mastani ingkang kados makaten poenika „Tjoba-tjoba" amargi nglegani kadjengipoen saben tijang poenika mokal toemindakipoen. Manoet ingkang sampoen kelampah, menawi tijang maos serat kabar mawi basa warni-warni, poenika jèn mregoki basa ingkang boten dipoenmangertosi, ngadat ladjeng roemaos gela. Lo poenika koepija ingkang sampoen koela soemerepi. Éwasamanten, jèn serat kabaripoen sadèrèk Tabrani meksa saged sempoeloer, poenika tanda joernalis peng-pengan, ladjeng ing prakawis joernalistik kénging dipoentiroe.

Tjobi dipoensrantosaken kémawon!

WAWASAN BOEKOE.

Opwaarts
Leesboek over literaire kunst voor (M.)U.L.O.-scholen enz.
door
Aug. A. Boudens.

Kerep kémawon kepireng oengel-oengelan: katimbang nganggoer, mbok matja-matja kono. Makaten poenika leres; ananging manawi maos, sampoen mendet boekoe satjandak-tjandakipoen kémawon, awit djagad prasasat kebandjiran boekoe awon, ingkang namoeng badé damel kirang tataning kasoesilan. Manawi maos, mendeta boekoe saé, ingkang nenangi manah dateng kaoetamèn.

Djaman sapoenika ing ngriki sampoen katah para moeda, ingkang ngertos basa ngamantja toewin sinaoe kasoesastranipoen.

Tijang badé mangajoe bagja medalipoen boekoe kasboet nginggil karanganipoen tw. Boudens, djer boekoe waoe boten sakedik paédahipoen toemrap para ném-néman. Boekoe poenika njata boekoe Katholiek saèstoe, ingkang toedjoenipoen ngindakaken raos adi pèni.

Wonten ing boeboeka ingkang tjinandra asrining patamanan Pirdóes, papan ingkang anengsemaken. Sasampoenipoen tijang ingkang sapisanan doemawah ing dosa, boemi kénging ipat-ipating Pangéran, éwadéné saéning djagad boten itjal babar pisan. Sinten kémawon, ingkang poeroen mireng-mirengaken toewin ngawasaken saéning barang-barang saha tataning doemadi, badé taksih katarik manahipoen, njoemerepi pakarjaning Allah, inggih ingkang djoemeneng djatining Saé. Manawi djagad semono apiké, méndah asri lan apiké kang akarja. Pangoenadika makaten poenika leres.

Saladjengipoen tw. A. Boudens nerangaken kanti tjekak lan tjeta, toer patitis, poenapa ingkang dipoenwastani kunst, kunstenaar. Oefening baart kunst, poenika wonten leresipoen; ananging kunstenaar saèstoe poenika sampoen kabekta saking dasar.

Bédanipoen proza kalijan poëzie oegi kadjlèntrèhaken. Bakda poenika ladjeng ngrembag verzen. Saben-saben mentas nerangaken, teroes dipoenpendetaken oepami, kapendetaken saking damelanipoen poedjangga ingkang misoewoer-misoewoer, kadosta: Vondel, Guido Gezelle lan sanèsipoen.

Poenika waoe sadaja kanti oeroet lan saé panatanipoen, poenapa malih karangké mawi basa djarwa loewes, ngantos kénging kawastanan poëtisch-proza.

Pramila sinten ingkang kepéngin ngindakaken raos adi pèni, badé boten ketjoewan manawi moendoet boekoe poenika; regi moerwat kalijan kawontenanipoen; sampoen owel para nèm-nèman, wedalan M.U.L.O, oetawi sekolahan sadjadjaripoen, soemangga ènggal moendoet dateng:

J. B. Wolters;
Weltevreden — reginipoen: ing. f 1,40. geb. f 1,60.

OERAP-SARI

KABAR KATHOLIEK.

Arta Vaticaan.

Béndjing akiring taoen poenika, Vaticaan badé damel arta kanggé kita Vaticaan ngrikoe. Arta waoe: emas, slaka, nèkel, proenggoe, ingkang sasisih dipoen-gambari gambar dalem Pius XI, wapen dalem lan taoen, sasisihipoen sineratan aosing arta.

Missie Banka.

Missie Banka badé ngadegaken Pastoeran lan Internaat kanggé laré djaler. Wragadipoen f 49.750. Ingkang mborong pandameling grija waoe aannemer Tan Fo Hin ing Blinjoe. Tigang woelan engkas bokmanawi sampoen rampoeng.

***

Zusterschool lan Internaat-ipoen ing Muntok kawartos badé kawijaraken malih, poenapadéné kawewahan grija Zuster-an énggal.

Eindexamen Kweekschool Moentilan.

Ingkang toemoet iksamen wekasan laré 15 katrimah sadaja.

Eindexamen R.K. M.U.L.O. ing Ngajodja oegi klebet sadaja tjatjahipoen 16.

Katholicisme ing Indo-China.

Vicariaat Saigon kapérang dados 20 bagéjan.

Djiwa ing ngrikoe sadaja wonten 2.650.000, ingkang katholiek 91.634, lan ingkang taksih magang 33.457.

Ing Vicariaat waoe wonten sakolahanipoen Katholiek 186, moeridipoen 14.482.

Vicariaat ngrikoe gadah wiharapriboemi sakawan isi Zuster Priboemi 719.

KABAR OEMOEM

INDONESIA.

SAKING NGAJOGJAKARTA.

C. P. P. A.

C(omite) P(embrantas) P(endjoealan) A(nak-anak) jasanipoen P.P.I.I. ingkang tinanggenah merangi padagangan laré-laré èstri, béndjing malem Slasa 2/3 Djoeni badé ngawontenaken parepatan oemoem manggèn ing Djajadipoeran.

Samangké saweg dados pamanahan poenapa Comité waoe kadadosaken pakempalan merangi padagangan laré èstri. *(Y).*

P. G. H. B.

Gandèng kalijan poetoesan H.I.O. Commissie jasanipoen Nagari anggènipoen badé ngringkes H.I.S., P. G. H. B. afd. Mataram damel Commissie dipoenpangarsani R. Soerasoeganda, sedyanipoen anisihi pamanggihipoen H.I.O.C. kaseboet nginggil.

Angèngeti bilih onderwijs sanget angèngingi betahing kawoela, P. G. H. B. afd. Mataram waoe badé ngawontenaken parepatan oemoem, nanging béndjing poenapa dèrèng saged kawartosaken. *(X).*

Pikantoek panarimah.

Gagandéngan kalijan agenging lalabetanipoen amrih adjenging vrije emigratie, pandjenenganipoen resident Westra ing Ngajogjakarta pikantoek panarimah saking Nagari.

SAKING BANDJARNEGARA.

— Djaman Sé-Sé-Sé!

Ing Bandjar oegi boten poeroen ketilaran, toemoet damel club ngarang C. C. tjabang Bandjarnegara. Sampoen dipoenpoetoes lan toemindak saé, bilih warga sad. L. Kapthie kadjibah mandjoeroeng dateng Soeara Katholiek, (rubriek gado-gado); déné ingkang mandjoeroeng dateng Sw. Tm. sad.!?! inggih koela poenika. Sinten karsa dados lid malih? Kados-poendi Rakit, Madoekara, Sélamaja?? Acc ta??

Ladjeng béndjing poenapa anggènipoen badé dipoenwonteni P.C.C.? (Poesara Correspondentieclub).

— Tambahan Kopschool.

Sapriki sampoen 3 taoen mlampah ingriki wonten Meisjesvervolgschool (Kopschool), soeboer gesangipoen. Samangké ing Karang-Kobar oegi badé dipoenwonteni Kopschool. Kabar anggènipoen mbikak, cursus ngadjeng poenika (Juli 1930.) Saking pihak ingkang koewaos, panjerat dipoenparingi soemerep, bilih ing Wanadadi inggih badé dipoendegi sekolah landjon èstri; dipoenbikak jèn saged kanggé cursus taoen 1931. Revolutie manawi namoeng revolutie (beroebah dengan seketika) dadakan katahing sekolahan kémawon, panjerat roedjoek sanget!!

— Pestbestrijding.

Djalaran pindahipoen Dr. Kodiat (Dokter pest), sadaja Mantri Inlichter Rg. Bandjar sami dipoenpindahi; ingkang dipoentilar namoeng kalih! Kanggé saladjengipoen Dokter bagéjan pestbestrijding waoe boten dipoen-gantos. Mila pranatan wontening verbetering kabar ladjeng kaoemoemaken kanggé sakaboepatèn Bandjarnegara. (ingkang sampoen Madoekara lan Karangkobar ...). Toemindakipoen tengga wekdal!!

— Woelan kapengker (April) loerahing doesoen Karanggondang pedjah margi sakit weteng. Boten let dangoe ladjeng dipoenwonteni pilihan loerah énggal, dipoenrawoehi doro Wedono Wonodadi, ingkang Ass. Wedono B. mangoe, lan wonten malih. Sawoeng wonten tiga. Sawoeng 1e.: Baoe doesoen ngrikoe, angsal sada (swara) 86. Sawoeng 2e.: Tjarikipoen, angsal sada 84; Sawoeng 3e.: loerah dongkol, angsal swara namoeng 11.

Dados ingkang kapilih nggentosi loerah: Baoenipoen. Kantoen tengga beslit tetepan! P. f.

— Kontributie pensioenfonds.

Mitoeroet P. Goeroe medal December 29, ambtenaar ingkang taksih W. D., boten preloe mbajar kontributie pensioen 2%. Itoe dia!

Kantja koela goeroe inggih taksih W. D., sareng maos oréan waoe, ladjeng boten poeroen mbajar pensioenfonds wiwit Februari, 30. Lan kantor comptabiliteit inggih boten poenapa-poenapa (blandja boten dipoenpotong 2%).

Nanging sareng woelan April poenika, lah kok ladjeng kapotong keras, kanti maled totaal 3 woelan ... mak gènel!!

Lo, kok anèh; poenapa oeréjan ing P.G. waoe (ènget-èngetan no. 18.) boten leres??

Taklim koela
!?!

Mertjon nagari mantja boten kénging mlebet?

Het Nieuws martosaken bilih mlebetipoen mertjon saking sadjawining tanah Djawi salebetipoen taoen '29 langkoeng katah tinimbang taoen sanèsipoen, i.p. pangaos $3\frac{1}{2}$ mlijoen. Mangka kala taoen '28 namoeng pangaos 3 mlijoen, tn. '27 wonten f 1.850.000, taoen '26 wonten f 2 1/5 mlijoen, taoen '25: 1,7 mlijoen.

Prakawis poenika kawigatosaken Vuurwerk-Commissie, nanging boten awawaton economie ing ngriki, namoeng ngèngeti papatjak kentjeng kanggé kawiloedjengan ingkang kedah katindakaken pabrik-pabrik mertjon. Sanadyan prabéja mertjon nama moerwat, nanging ngèngeti santering pandjeblosipoen, mertjon

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

PANGIRIDAN TAOEN 1931.

Pikoelanipoen kawoela sampoen awrat. Badé ka-awrataken malih???

Rantjangan waragad Nagari taoen 1931 tjalon tjoepet kinten-kinten *tigang dasa mlijoen* roepijah.

Margi makaten waoe, karsanipoen Nagari badé ngawontenaken pangiridan. Kados ingkang katjarijosaken ing dalem serat-serat kabar, pangiridan waoe tjalon awoedjoed:

a. Paos panggaotan dipoenindaki opcenten (intilan) nem warni.
b. Béja toemrap sawenèh dagangan ingkang mlebet ing Indoneijsah ngriki kaindakaken.
c. Ngawontenaken paos kasoegihan. (weeldenbelasting).

Ichtijar tigang warni poenika waoe tjalon karembag wonten parepatan-begrooting béndjing tanggal 19 Mei lan kedah oegi sinaroedjoekan Minister Djadjahan.

Ichtijar kaseboet ing nomer *a.* babar pisan kita boten saged najogjani. Awit, poenapa sasanggènipoen kawoela taksih kirang awrat? Poenapa kawoela taksih kirang mèjèk-mèjèk anggènipoen mikoel sasanggèn paos?? Pirang bara dimajarakè; .... kok malah arep dioendakaké.

Toemrap ichtijar kaseboet ing *b.* pantjèn kedah pilih-pilih. Manawi anggènipoen ngindakaken prabéjaning barang mlebet waoe ngèngingi dagangan ingkang mila dados betahing kawoela (oep. oewos), poenika pantjèn kedah dipoenemohi! Sebab poenapa?? Pandjenengan rak inggih mangertos ta watakipoen kaoem dagang? Manawi béja mlebet kaindakaken, boten badé kaoem soedagar waoe namoeng sangga oewang kémawon! Anggènipoen njadé daganganipoen inggih mesti kaindakaken. Ladjeng, ... sinten ingkang kasangsaran?? Boten sandé inggih tijang sadaja, langkoeng-langkoeng tijang boten gadah.

Dados manawi oesoel *a.* saèstoe katindakaken, ladjeng oesoel *b.* inggih katindakaken lan ngèngingi barang-barang ingkang dados betahing kawoela, tijang alit mesti saja megap-megap. Sampoen paos kaindakaken, katik tetoembas ndadak sarwa awis, poenapa boten saja pringisan? Poenapa boten tjilaka mentjit namanipoen? Dajaning pringisan toemoesipoen dateng panggroendel lan pangoeman-oeman. Saja manawi ladjeng ngraosaken anak-bodjonipoen! Katresnaning bapa boten badé wentala soemerep kasrakating anak, rekaosing rabi ingkang margi dajaning pangiridan! Kawontenan makaten poenika wohipoen: ing *batos* saja gemes, saja tebih kalijan Paréntah. Wasana gampil sanget klebetan wisa Moskou! Gemesipoen tijang 1 × 50.000.000, sampoen mesti kémawon moetawatosi..... Mila kirang-kirang begdjanipoen, anggènipoen Paréntah ngawontenaken pangiridan saged dados paran toetoehan: *nglemèni widji Roeslan.*

Déné toemrap ichtijar kaseboet ing *c.* koela boten mangertos terang poenapa ingkang kinadjengaken: weeldenbelasting. Bokmanawi wong sing doewé doewit seméné roepijah dikenakaké padjeg saméné. Manawi makaten, Nagari kedah migatosaken kawontenanipoen tijang soegih bangsa Indonesia toewin Tionghoa. Kaoem hartawan bangsa kalih poenika waoe, katah sanget ingkang artanipoen namoeng kaleker wonten lemantoen oet. kapendem ing salebeting siti.

***

Margi tjoepeting begrooting, Nagari badé ngawontenaken pangiridan! .... Ing sapoenika lan béndjing pisan, Patjar Mérah babar pisan boten anotjogi manawi toemandoekipoen pangiridan waoe angèngingi kawoela alit, kalebet oegi kaoem berah ingkang blandjanipoen sakedik. Langkoeng-langkoeng wonten ing djaman gawat poenika, djamanipoen kawoela sami tinarboeka, djamanipoen mripat merem sami melèk, koeping boedeg sami tengèn, sadaja ichtijar ingkang toemandoekipoen saja mlinderaken poendaking kawoela, saèstoe *amoetawatosi!* Manawi paos saèstoe kainggahaken, o saiba badé nggrantes lan nggegeting manahipoen tijang ngriki! Manawi mangké, margi dajaning paos kaindakaken, margi dajaning pangiridan, tetijang ngriki saja katah ingkang mlarat, saja matikel-tikel ingkang sami dados djiretanipoen lintah darat, ... ing ngrikoe para ingkang sengit kalijan Inlanders, ... ladjeng saja sora pambengokipoen sareng-sareng kalijan baron Mackay burgemeester ing Ermelo ingkang sasampoenipoen ndjadjah Soematrah lan Djawi Kilèn ladjeng kadjadjagan A.I.D. bab pamanggihipoen toemrap Inlander mangsoeli makaten: „De Inlander? Koewi isih pada baé karo djaman 35 taoenan kapoengkoer kalané akoe dadi opsirlaoetan ing tanah kéné. Isih adjeg baé enggoné ora bisa toemandang pribadi, ora rigen, lan babar pisan ora mrantasi kanggo maréntah déwé!" (..... Nog net even afhankelijk, onhandig en *absoluut ongeschikt* voor zelfbestuur.) Lan, para ingkang ngemoet legining goela ningali tetijang ngriki katah sanget ingkang sami kabanda soekoe-tanganipoen déning para lintah darat, ... boten sandé saja seroe pandjeritipoen: „Adja komardikakaké! Awit, ... delengen! .... wong-wong doeroeng pada bisa ngoebetaké economie! ....." O, tjilaka 50 mlijoen saèstoe!

***

Tjoepeting waragad Nagari makaten, tjara alitanipoen sami kalijan tjoepeting arta ing salebeting grija oet. kutumba. Manoet wèting boedi leres, brajat ingkang makaten waoe, *langkoeng roemijin* kedah njidikaken wedaling artanipoen. Wedaling arta ingkang boten patos perloe oet. boten perloe babar pisan kedah dipoenitjali, apes kasoeda. Dados, boten kok ladjeng teroes manah keprijé enggonkoe ngoendakaké pametoekoe?

Semanten oegi menggah tjoepeting waragad Nagari. Nagari kaparenga manggalih roemijin wedaling arta ingkang sadjatosipoen boten (patos) perloe. Rantjangan-rantjangan warni-warni ingkang pantjèn kénging kasarèhaken prajogi kasarèhaken roemijin.

Prakawis waragading arta ingkang boten (patos) perloe waoe manawi kasetitèkaken katah sanget. Kadosta: warga Raad van Indië poenika kadjawi pikantoek blandja f 2500 taksih pikantoek arta-resèpsi (receptiegeld) kanggé wragad papanggihan. Mangka papanggihaning warga sami warga makaten poenika boten adjeg toer limrahipoen sarana gentosan ngoelemi. Dados warga ingkang boten kedongan kanggénan papanggihan, arta resèpsi waoe (f 200??) boten kalong. Lan sadèrèk, ingkang pikantoek receptiegeld waoe boten namoeng warga Raad v. Indië; oegi prijantoen-prijantoen ageng sanèsipoen: resident lss. Mila manawi Negari ladjeng namoeng nemtokaken: receptiegeld kanggo warga R.v.I. dakpasti moeng f 200 (oep.), kanggo ambtenaar golongan iki moeng saméné..., poenika sawoelanipoen Negari saged ngirid pinten roepijah kémawon! Kanggé prijantoen blandja semanten, manawi namoeng kaelongan arta resèpsi, raos koela boten sapintena kraosipoen.....! Malih, para Wlandi Indo lan tijang ingkang kasamèkaken Walandi kaparengaken perlop dateng Nederland (— n. b. tijang waoe taksih pikantoek bajar —) poenika oepaminipoen kawatesan oetawi kaitjalan, sapinten kémawon soedaning wedalipoen arta! Awit, toemrap Wlandi Indo waoe bokmanawi inggih katah sanget ingkang boten gadah premili wonten ngrika! Saja toemrap tijang ngriki ingkang kasamèkaken Walandi, poenapa perloenipoen dateng Nederland, kedjawi namoeng foja-foja? .... Malih, studieopdracht dateng Nederland, poenika kanggénipoen djaman begrooting tjoepet, kénging kasarèhaken. Awit njatanipoen, poenapa angsal-angsalanipoen prijantoen ingkang kadawoehan namataken kamadjengan wonten ing Nederland waoe dateng kawoela, kadjawi namoeng njaosaken verslag dateng Paréntah? ... Malih, saben taoen poenggawa S. S. angsal vrijbiljet kalih welas kanggé badanipoen pijambak lan premili ingkang dados sesanggènipoen, ... poenika oep. kasoedaa saged ngirid pinten roepijah kémawon? ... Oep. standplaatstoelage kanggé prijantoen blandja sanginggilipoen f 700 dipoenitjali, lan blandja salebetipoen perlop dipoensoeda (sanginggilipoen f 700 kasoeda 15%, f 400 — f 700 kasoeda 5 a 10%: f 150 — f 400 kasoeda 15%) kados oesoelipoen Ambtenaar B. ing Het Nieuws, pinten roepijah kémawon ngiridipoen Negari? ... Oep. wragad kanggé gedong awis-awis (gedong Dep. Justitie énggal, Boschproefstation énggal lss.) kaoendoeraken roemijin saking begrooting, oep. wragad kanggé preloening Marine lan Oorlog kaelongan oet. oegi kasarèhaken roemijin, ... pinten joeta roepijah kémawon soedaning wedalipoen arta Negari? Lan manawi kasetitèkaken saèstoe, mesti inggih taksih katah prakawis^2 sanès ingkang saged kairid wedalipoen, ... dados tanpa mawi ngindakaken paos ....

Paréntah!, koela atoeri toemoengkoel mriksani kamlarataning kawoela! Paréntah ingkang badé memoelih piandeling kawoela, manawi pandjenengan boten waspada, malah saja katah kawoela ingkang nebihi pandjenengan!

Kumuningsaselé 10 Mei '30.
Taklim: PATJAR MÉRAH.

CORRESPONDENTIE.

Abn. no. 286 prajogi. Abn. no. 183 noewoen.

C. c. Klatèn: anggènipoen ngetip kok wolak-walik, mila boten kanggé, poenapa malih kerowanen sanget. Sabab ing ngrikoe badé kasambet, oepami dipoenwangsoeli, dlantjang namoeng sasisih, ingkang dipoenserati.—

Karangan sanès dipoensrantosaken.

R. S. R. te B. sampoen tampi, matoer noewoen.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.-7.30.	Lamah	5.30-6-8.	Pekalongan 8)	7.30.	Soerabaja:	
Amboina	7.30.	Lawang 5)	7.	Pemalang 3)	7.30.	Kepandjèn	6-7-9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6-7.30.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.	6-7.30-9.
Bandoeng	6-7.30-9.	Magelang	7 9.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta	6-7-8.30.
Benkoelen	7.30-9.	Makassar	6-7.30.	Poerworedjo	7-8.30.	Tandjoeng Balai	7.30.
Blitar	7.30.	Malang	6-7.15-8.30.	Pontianak	7-8.30.	Tandjoeng Karang	8.
Buitenzorg	6-8.	Manado	6-7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti	7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30-8-8.30 (tjina).	Salatiga	7.30.	Tara-Tara	7.30.
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambas	6-8.30.	Tegal	6.30-8.
Djokja:		Medari 6)	7.30.	Sambong	8.	Tering	7.
Kampementstraat Eur.	7-9.	Meester Corn.	7-9.	Sawah Loento	7-8.30.	Tjilatjap 8)	7.30.
„ Jav.	6-8.	Mendoet	6-7.30.	Sedajoe	7.	Tjimahi	6-8.
Kota Baroe	6-7.30.	Modjokerto	6-8.	Sedjiram	5.45-8.30.	Tomohon	7-8-9.
Djombang 1)	7.30.	Moentilan	5-6-8.	Semarang:		Wates 7)	7.
Fort de Kock	7.30.	Muntok	8.	Gedangan	6-8.	Weltevreden:	
Gandjoeran 2)	7.	Ngawi 7)	7.30.	Bangkong	6.30-830.	Waterlooplein	5.45-7-9.
Gombong 3)	7.30.	Padang	7-8.15-9 (tjina).	Tjandi	7.30.	Kramat	6-8-9 (mal.).
Keboemèn 4)	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Randoesari	7-9.	Wonosobo 8)	7.30.
Kediri	7.30.	Pajakoembo	7.30.	Singkawang	6.30-9.	Woloan	8.30.
Klatèn	7.30.	Palembang	7-9.	Soekaboemi	6-7.30.		
Koeta Radja	6.30-8.	Pasoeroean 1)	7.30.	Heuvel	5.30.		

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 2e. Achad. 4) 1e. Achad tiap² doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 3e. Achad.

kedah dipoenkirangi. Saja katah mertjon keras ingkang mlebet, inggih saja katah tijang ngriki ingkang saged damel mertjon kados poenika (kanti tjolongan) temah saja ageng moetawatosipoen. Margi makaten poenika, mertjon kados makaten waoe kapanggalih boten kénging kalebetaken wonten tanah ngriki, lan tijang ngriki inggih boten kénging damel. Panggalihan waoe sampoen kalebetaken wonten ordonantie boten kénging nglebetaken mertjon keras ingkang isi calierm chloraat. Ordonantie poenika samangké saweg badé karampoengaken lan badé toemindak ing taoen poenika oegi.

Goeroe basa Djawi ing Leiden.

Wonten pawartos sad. H. Soejoed wedalan Kweekschool Moentilan ingkang sasampoenipoen dados goeroe wonten Kw. Moentilan njamboet damel wonten Balépoestaka, kaangkat dados goeroe basa Djawi wonten pamoelangan loehoer ing Leiden. Béndjing poenapa pangkatipoen dèrèng saged kawartosaken. Manawi kabar poenika temen, Sw. T. ngatoeraken p.f.

Lotré énggal.

Sakedap malih badé wonten lotré énggal nama „Bataviaasch Kinder Ziekenhuis" prisipoen inggih kados lotré ingkang mentas poenika.

Ingkang tjalon angsal pandoeman Hoofdcommité ingkang tjatjawis toemoetipoen Indonésijah wonten Internationale Koloniale Tentoonstelling ing Paris béndjing 1931; pak. Eyken Stichting; Kerkeraad protestant Soerabaja; pak. Soerabajasche Zieken Verpleging; Militair Christ-Internaat; Leprozerie Menado; Ziekenzorg Solo; Internaat Ternaté; Comité adegipoen Kweekschool Mohammad Dijah Ngajodja; Hoofdbestuur Mohammad Dijah Dk.; R.K. Weeshuis Semarang; Persatoean Goeroe-goeroe Agama Islam Padang; Vorstenlandsche Blinden Instituut Dk.; Ap. prefect Padang, Blitoeng lan Riauw, Benkoelen,; Apost. Vicaris Batawi, Soenda Alit, lan New Guenia; Hulpfonds v. d. H. Vincentinus á Paolo ing Soerabaja; St. Melania werk Ngajogja; Bestuur Neutr. Inl. Schoolvereeniging Solo; pak. Al Irsjad Betawi; Hoofdbestuur B.O. Ngajogja.

Tilpoen-radio dateng Bèlgi lan Parangakik.

Wiwit tanggal 12 Mei poenika, tilpoen-radio ingkang saking tanah Djawi dateng Bèlgi toewin Parangakik kabikak kanggé oemoem. Wragadipoen kalijan Bèlgi saben tigang menoet f 61,50, kalijan Parangakik saben tigang menoet f 63,50.

Samanten oegi tilpoen-radio tanah Djawi — Denemarken wiwit tanggal 14 Mei inggih kabikak kanggé oemoem, wragadipoen f 66 saben tigang menoet.

Postzegels-darma.

Manoet pamirengipoen A. I. D., paréntah manggalih badé ngawontenaken postzegels-darma (weldadigheidspostzegel) kados ingkang katindakaken nagari-nagri sanès.

Postzegel (prangko) waoe badé mawi tjiri pijambak lan reginipoen kaindakaken. Goenggoeng kempalipoen indaking papadjengan badé kadanakaken giliran dateng pakempalan-pakempalan, oet. kaedoemaken dateng pakempalan-pakempalan ingkang ngrembag betahing laré.

R. K. Jeugdzorg ing Bogor badé neda pandoeman.

Pedjah margi nglampihi wadjib.

A. I. D. pikantoek pawartos saking Garoet bilih dokter Slamet ingkang kerep ngoepakara tijang sakit pest, kala 11 Mei pedjah margi sakit long pest namoeng kalih dinten.

Ing kampoeng Tjiledoek Garoet pantjèn wonten titikipoen sasakit poenika.

Pabrik sigarèt Prijaji Soerabaja.

Ing Soerabaja wonten N. V. Cigarettenfabriek Prijaji, pawitanipoen f 500.000. Ingkang dados dirèktoeripoen toewan J. A. Dezentje. *(Javasche Courant).*

KAGOENGANIPOEN LOT, NOMER PINTEN?

Tilgram Aneta saking Weltevreden tanggal 14 Mei, martosaken oetoeting lot ing dinten waoe, kados ing ngandap poenika:

f 150.000 nomer: 28673

f 100.000 nomer: 56222

f 75.000 nomer: 6828

f 50.000 nomer: 104277

f 25.000 nomer: 36587, 92335, 133414, 184416, 158423

f 10.000 nomer: 188860, 13973, 36295, 137402, 19979, 38172, 16130, 104919, 70239, 45334, 194439, 159056

f 5.000, nomer:

164860,	199936,	84601,	48677,
25753,	139613,	54761,	153782,
14188,	1491,	187895,	91915,
57089,	95036,	31645,	120047,
132446,	71388,	56861,	196233,
88676,	43417,	93340,	42233,

f 1.000, nomer:

76516,	128069,	121550,	28958,
60365,	162655,	107272,	19297,
160851,	86798,	193697,	170036,
67667,	196464,	180210,	85762,
53836,	184177,	104475,	130426,
112239,	115492,	110711,	52743,
85191,	12833,	30342,	68150,
157602,	73079,	60632,	126774,
148865,	95058,	166463,	179191,
189967,	56582,	84630,	62705,
135614,	30260,	72756,	13249,
186253,	125687,	36785,	13909,
8474,	10752,	1807,	84187,
39635,	177056,	189824,	68053,
11845,	140679,	40403,	122525,
54333,	141995,	7727,	20710,
197793,	98645,	194164,	117221,
83720,	111163,	180417,	197766,
197484,	34220.		

MANTJA NAGARI.

INDIJA INGGRIS.

Mahatma Gandhi dipoentjepeng.

Sang Mahatma Gandhi panoentoening ébah-ébahan kabangsan ing Indija Inggris dipoentjepeng, katahan wonten pakoendjaran ing Yeroda, Poona. Sang Mahatma waoe ngadani actie soepados padagangan sarem wonten tanganipoen bangsa ngrikoe pijambak, dados boten lila manawi dados darbèkipoen nagari.

Kinten-kinten kala tengah-tengahanipoen woelan kapengker, katawis saja kerasing actie-nipoen nglawan paréntah, prakawis poenika kawedar wonten ing sosorahipoen wonten Napsari.

Sosorah waoe kadjawi sanès-sanès wonten ingkang moengal makaten: „Banda koewi maoe jèn pantjèn koedoe, bélanana nganggo njawamoe. Mengko nèk poelisi nekani arep angrampas panggonan-panggonanmoe gawé oejah, roeboengen! Adja olèh nganti anggepok panggonan gawé oejah maoe, manawa kowé doeroeng dikalahaké kanti paksan!

Sabakdanipoen Gandhi sosorah prakawis waoe, éndjingipoen ing sangadjenging gedong pangadilan magistraat ing Karachi ladjeng wonten brontakan. Gedong waoe kinepang tijang 10.000 (ratjak kaoem berah lan student-student); poelisi sami kinroetoek séla. Tjandéla-tjandéla risak, poelisi ingkang ngleresi mriksa prakawisipoen poenggawa sarem lan panoentoen Congres nenem, kapeksa kèndel. Pirantos-pirantosing kantor katah ingkang risak. Bakda ngrisak gedong ladjeng ambentoeri séla poenapa-poenapa ingkang langkoeng ing margi ageng: montor lan trèm. Poelisi toemandang ngoengelaken sandjata natoni tijang pitoe, pedjah satoenggal; nanging tijang 10.000 waoe boten poeroen bibar, temah kapeksa neda pitoeloengan militèr. Wasana militèr saged ngleremaken tanpa ngoengelaken sendjata.

Kadjawi brontakan ing nginggil, ing Calcuta lss. inggih wonten reresah.

Sareng sardjana Gandhi katahan, ingkang anggentosi dados panoentoen neroesaken actie-nipoen, anama Abbas-Lyabji.

Katjarijos, njonjah Annie Besant boten notjogi tradjangipoen Gandhi, awit kamanah poenika mengkoe propaganda brontak.

Ing Sw. Tm. minggoe ngadjeng panggénan verslag K. W. wonten ingkang lepat:
Hr. Warsana leresipoen **Hr. Darsana.**

A. M. D. G.
ondertrouwd:
A. J. SADIKIN DIRDJASOEDARJA
Rr. C. SOEWARDJIJAH
Huwelijksvoltrekking
te Gandjoeran 21 Mei 1930
Gandjoeran
Watoemoerah